

## Lòt egzansyon ou ka kalifye pou resevwa

Ale sou [www.nyc.gov/ownerexemption](http://www.nyc.gov/ownerexemption) pou jwenn enfòmasyon sou egzansyon pou kontribyab ki disponib pou pwopriyetè nan Vil New York yo. Pa egzansyon, pastè ki gen pwopriyete yo ka kalifye pou yon egzansyon.

Si w ta renmen konnen si ou kalifye pou yon egzansyon pou frè dlo ak egou, ale sou sitwèb Depatman Pwoteksyon Anviwònmatral (Department of Environmental Protection) nan [www.nyc.gov/dep](http://www.nyc.gov/dep) epi chèche “water sewer exemption” (egzansyon pou dlo egou an angle).

## Fason pou Jwenn Èd

**Sou Entènèt:** [www.nyc.gov/nfp](http://www.nyc.gov/nfp)

**Telefòn:** 311

## Pa Lapòs:

New York City Department of Finance  
Not-for-Profit Exemptions Unit  
59 Maiden Lane, 22<sup>nd</sup> Floor  
New York, NY 10038

Si ou bezwen yon aranjman pou andikap oswa pou yon pwoblèm medikal pou ou kapab aplike pou yon sèvis oswa pou ou kapab resevwa sèvis la oswa pou patisipe nan yon pwogram Depatman Finans ofri, nou envite ou pou kontakte Fasilitatè Sèvis Andikap la nan [www.nyc.gov/contactdofeeo](http://www.nyc.gov/contactdofeeo) oswa rele 311.



[nyc.gov/finance](http://nyc.gov/finance)

TAX006\_NFP 12.17.19 (Haitian Creole)

# ÒGANIZASYON KI PA LA POU FÈ PWOFI

Egzansyon Taks sou Pwopriyete



Chak jou, atravè tout senk (5) minispalite yo, òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo bay Rezidan yo pwogram ak sèvis ki ka chanje lavi yo. Minispalite Vil New York la pran angajman pou ede òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo kontinye travay yo nou tèlman bezwen ak apresye yo. Òganizasyon ou a ka kalifye pou yon egzanspyon taks sou pwopriyete konplè oswa pasyèl.

### Kalifikasyon

Gen yon pakèt òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki ka kalifye pou yon egzanspyon pou taks sou pwopriyete konplè oswa pasyèl, tankou

- Òganizasyon charitab ak veteran
- Lopital ak klinik sante
- Enstitisyon akademik
- Legliz, òganizasyon relijiye, ak prebistè
- Sosyete istorik, bibliyotèk, ak mize
- Pak rekreyasyon ak simetyè piblik

Pou resevwa yon egzanspyon pou taks, tit legal pwopriyete a dwe nan non yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, aplikan an dwe pwopriyete a, epi yo dwe itilize pwopriyete y ap mande egzanspyon pou li a pou rezon ki dekri nan [www.nyc.gov/nfp](http://www.nyc.gov/nfp). Eitati federal 501 (c) (3) poukont li pa kalifye ou pou egzanspyon an otomatikman.



Sèvi ak zouti kalifikasyon an nan [www.nyc.gov/nfp](http://www.nyc.gov/nfp) pou detèmine si ou kalifye.

### Men Kijan pou ou Aplike

Ale sou [www.nyc.gov/nfp](http://www.nyc.gov/nfp) pou telechaje yon aplikasyon. N ap bezwen dokiman prèv estanda:

- Atik enkòporasyon
- Eitati
- Tit pwopriyete, si li pa disponib nan ACRIS

Epi tou ou ka bezwen soumèt:

- Kontra kay la
- Sètifika òdinasyon
- Plan, pèmi, ak lòt dokiman kay la, si pwopriyete w la nan etap planfikasyon oswa y ap konstwi li toujou

### Dat Limit:

Nou aksepte nouvo aplikasyon pandan tout ane a.

### Renouvèlman egzanspyon ou

Ou dwe renouvle egzanspyon sou taks pwopriyete pou òganizasyon ki pa la pou fè pwofi nan [www.nyc.gov/commercialexemptions](http://www.nyc.gov/commercialexemptions) chak ane. Si ou sipoze renouvle avan otòn w ap resevwa yon idantifikasyon itilizatè ak modpas nan men Depatman Finans. Pa bliye renouvle pi vit posib pou evite nenpòt pwoblèm ak avantaj ou yo.



Dat limit pou renouvèlman an se 5 janvyè.

